

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data panalungtikan, populasi, jeung sampel panalungtikan.

#### **3.1 Métode, Téhnik, jeung Instrumén Panalungtikan**

##### **3.1.1 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Numutkeun Suyatna (2002:14), tujuan tina métode déskriptif nya éta pikeun méré/ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sacara sistematis, paktual, jeung akurat ngeunaan pakta-pakta jeung sipat-sipat populasi.

Ari anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta: (a) wangun, wanda, jeung harti kecap pagawéan rundayan nu kapanggih dina sumber data panalungtikan, nya éta novel *Babalik Pikir* karangan Samsoedi.

##### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Numutkeun Suyatna (2002:18), téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji usaha kumaha cara (prosédur) nu kudu dilakukeun ku ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan nu diharepkeun dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku-buku nu patali jeung ieu panalungtikan.

### **3.1.2.1 Téhnik Tatahar**

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina tatahar saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data;
- b. Telaah pustaka;
- c. Nyusun instrumén pikeun ngumpulkeun data;
- d. Nyusun usulan bahan panalungtikan; jeung
- e. Konsultasi jeung pangaping.

### **3.1.2.2 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Sababaraha léngkah nu kudu diperhatikeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber data, di antarana:

- a. Maca data dina sumber data;
- b. Nyalin sakur data nu kapanggih kana kartu data, sakalian nangtukeun idéntitasna;
- c. Milah-milah korpus dina kartu data; jeung
- d. Mindahkeun data tina kartu data kana tabél/déskripsi data.

### 3.1.2.3 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kumpul, terus éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- a. Sanggeus data dikumpulkeun jeung ditulis dina kartu data, data dipasing-pasing dumasar kana: (1) wangun kecap pagawéan rundayan, (2) wanda kecap pagawéan rundayan, jeung (3) harti kecap pagawéan rundayan;
- b. Cara milah-milahna nya éta ku cara ngagolong-golongkeun korpus anu idéntitas atawa cirina sarua;
- c. Sanggeus sakabéh korpus dipasing-pasing, tuluy dipindahkeun kana tabél data;
- d. Jumlah kecap pagawéan rundayan nu geus dipasing-pasing téh diperséntasikeun sarta dijumlahkeun, kecap pagawéan rundayan naon waé nu frékuénsina paling loba jeung nu frékuénsina paling saeutik dipaké dina éta novel, engké kecap pagawéan rundayan nu panglobana jeung nu pangsaeutikan dina éta novel bakal kanyahoan;
- e. Papasingan kecap pagawéan rundayan basa Sunda dipilih tur diluyukeun jeung kritéria milih bahan pangajaran pikeun dipidangkeun dina modél bahan ajar/pangajaran; jeung
- f. Sanggeus réngsé hasil panalungtikan dicindekkeun, satuluyna ieu panalungtikan téh disusun jadi laporan dina wangun skripsi kalawan maké katangtuan nu geus ditangtukeun

### 3.1.3 Instrumén Panalungtikan

Dina ngumpulkeun data, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistem korpus/kartu data. Cara ngagunakeun kartu data nya éta ku cara nyalin sakabéh kecap pagawéan rundayan basa Sunda nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi kana kartu data nu geus disayagikeun. Satuluyna dipindahkeun kana tabél data nu dianalisis tina jihad wangun, wanda, jeung harti.

Conto kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

N
Neunggeul (kaca)
Wangun : Awalan N- /rarangkén hareup N-
Wanda : Kecap pagawéan dinamis kalakuan migawé
Harti : Ngalakukeun pagawéan

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi anu dipedalkeun ku Balé Pustaka taun 1932, kalawan jumlah kaca aya 72 kaca.

Samsodi mangrupa salah sahiji pangarang Indonesia hususna pangarang Sunda, anu ngahususkeun diri nulis carita-carita barudak di antarana novel *Babalik Pikir*.

### **3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

#### **3.3.1 Populasi Panalungtikan**

Populasi adalah seluruh objék yang akan diteliti dalam suatu penelitian, baik berupa benda, manusia, peristiwa, maupun gejala-gejala yang terjadi. Populasi adalah semua sumber data yang menjadi objek penelitian (Suyatna, 2002:10)

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap pagawéan rundayan nu kapanggih dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi, nu dipedalkeun ku Balé Pustaka taun 1932, kalawan jumlah kacana aya 72 kaca.

#### **3.3.2 Sampel Panalungtikan**

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel total. Sakabéh populasi anu mangrupa kecap pagawéan rundayan basa Sunda dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi dijadikeun objék panalungtikan.